# आधारभूत तह (१-३)
# भोजपुरी भाषा पाठ्यक्रम

**पाठ्यघण्टा : ५** **वार्षिक कार्यघण्टा : १६०**

## १. परिचय

नेपाल बहुजातीय, बहुभाषिक, बहुधार्मिक, बहुसांस्कृतिक आ भौगोलिक विविधता भइल देश ह । बहुभाषिक दृष्टिकोण से नेपाल में बोलल जाएवाला भाषा सब मेसे भोजपुरी तिसरका लमहर भाषा ह जवन पर्सा, बारा, रौतहट, नवलपरासी आ रुपन्देही में मुख्य रुप से आ आंशिक रुप में बहुत सारा जगह पर बोलल जाला । ई भाषा भारोपेली भाषा परिवार भितर पड़ेला । संविधान के मौलिक हक अन्तर्गत शिक्षा के प्रावधान अउरी विद्यालय शिक्षा के राष्ट्रीय पाठ्यक्रम प्रारूप २०७६ के व्यवस्था अनुरूप भोजपुरी भाषा के संरक्षण, प्रवर्धन आ विकास में योगदान करेके उदेश्य से आधारभूत तह कक्षा १-३ में अध्ययन करेवाला लइकन खातिर ई भोजपुरी भाषा के पाठ्यक्रम विकास कइल गइल बा ।

एह पाठ्यक्रम विकास के मुख्य अपेक्षा भोजपुरी भाषी लइकन के भोजपुरी भाषा के आधारभूत सञ्चार अउरी अभिव्यक्ति के इलिम के साथे स्तर अनुसार नयाँ विषयवस्तु के ज्ञान भी सिखल ह । पाठ्यक्रम के अपेक्षा के सक्षमता आ सिखाई उपलब्धि खण्ड विस्तृतीकरण कइल गइल बा । सक्षमता अउरी सिखाई उपलब्धि हासिल करावे खातिर विभिन्न विषय क्षेत्र सब  छनौट कइल गइल बा । पाठ्यक्रम में समावेश कइल गइल विषय क्षेत्र के सिखाई सहजीकरण के विषय आ माध्यम के रूप में लेहल गइल बा । उक्त विषयक्षेत्र के शिक्षण से लइकन में भोजपुरी भाषा के भाषिक सिप विकास भइला के साथे भाषिक संरचना के बारे में भी सामान्य ज्ञान होखे के हिसाब से क्षेत्र आ क्रम खण्ड में सन्तुलित ढङ्ग से सङ्गठित कइल गइल बा । पाठ्यक्रम में समावेश कइल गइल विषयक्षेत्र, सिखाई सहजीकरण अउरी लेखाजोखा प्रक्रिया के एकीकृत उपागम के सिद्धान्त अनुसार बनावल गइल बा । ई पाठ्यक्रम उपर के कक्षा में भोजपुरी भाषा के निरन्तर अध्यापन खातिर भी आधारशीला तैयार करी कहके अपेक्षा राखल गइल बा ।

पाठ्यक्रम के परिचय, तहगत सक्षमता, कक्षागत सिखाई उपलब्धि, विषयक्षेत्र के क्षेत्र आ क्रम, सिखाई सहजीकरण प्रक्रिया आ मूल्याङ्कन जइसन तत्व सब के आधार पर संरचित कइल गइल बा । पाठ्यक्रम द्वारा उल्लेख कइल गइल अपेक्षा हासिल करे खातिर उक्त तत्वन के एक दूसरा से अन्तरसम्बन्धित आ समन्वयात्मक होखेके हिसाब से योजना निर्माण मार्फत कार्यान्वयन कइल जाई । विद्यार्थी सिखाई मूल्याङ्कन के सन्दर्भ में राष्ट्रीय पाठ्यक्रम प्रारूप २०७६ द्वारा कइल गइल व्यवस्था अनुसार पूर्ण रूप में निर्माणात्मक मूल्याङ्कन पद्धति अवलम्बन कइल गइल बा ।

## २. तहगत सक्षमता

आधारभूत तह कक्षा १ से ३ तकले अध्ययन पूरा कइला के बाद भोजपुरी भाषा के विद्यार्थीअन के निम्न लिखित सक्षमता हासिल होई :

(क) स्वर, व्यञ्जन, अक्षर आ शब्द के शुद्ध उच्चारण आ प्रयोग
(ख) बातचीत, संवाद आ सवालजवाफ के आधार में दूतर्फी प्रतिक्रिया आ सञ्चार
(ग) श्रव्य, दृश्य आ श्रव्यदृश्य सामग्री के उपयोग आ भाषिक व्यवहार
(घ) चित्र, घटना, परिवेश आ पाठगत सन्दर्भ के आधार पर विषयवस्तु के बोध आ अभिव्यक्ति
(ङ) पठनकौशल, प्रवाहपूर्ण अभिव्यक्ति, रचनाकौशल आ शब्द भण्डार बढ़ावे खातिर मौखिक तथा लिखित सञ्चार
(च) मौखिक आ लिखित अभिव्यक्ति में सिर्जनात्मक शिल्प के प्रयोग
(छ) भोजपुरी संस्कृति, परम्परा आ रीतिरिवाज में आधारित विषयवस्तु के मौखिक आ लिखित प्रस्तुति

## ३. कक्षागत सिखाई उपलब्धि

| कक्षा १ | कक्षा २ | कक्षा ३ |
|---|---|---|
| १. व्यञ्जन आ स्वर वर्ण पहचान आ उच्चारण<br>२. व्यञ्जन आ स्वर वर्ण विभेदीकरण<br>३. मात्रा आ वर्तनी मिला के शब्द के सुनल, बोलल अउरी पढ़ल<br>४. शब्द के शुरु आ अन्त्य के ध्वनि पहचान आ उच्चारण कइल<br>५. पाठ में प्रयोग होखेवाला शब्दन के उच्चारण, पहचान आ प्रयोग<br>६. दैनिक प्रयोग में आवेवाला शब्द, परिचित शब्द, नयाँ शब्द पढ़ल<br>७. शब्द अनुसार के चित्र आ चित्र अनुसार के शब्द पहचान कके प्रश्नोत्तर कइल<br>८. विभिन्न शीर्षक, चित्र, परिवेश आ पात्र सन्दर्भ के आधार पर छलफल आ प्रश्नोत्तर कइल<br>९. हर्ष, आश्चर्य, उत्सुकता जइसन अभिव्यक्ति बुझके प्रतिक्रिया व्यक्त कइल<br>१०. बातचित, संवाद, छलफल आ प्रश्नोत्तर के क्रम में उपयुक्त भाषा के प्रयोग कइल<br>११. सङ्केतक के जोड़ के विभिन्न आकृति आ चित्र निर्माण कइल<br>१२. अर्थ देवेवाला शब्द में अक्षर चिह्नल, जोड़ल, थपल, हटावल आ बदलल<br>१३. क्रम मिलाके स्वर वर्ण, व्यञ्जन वर्ण, मात्रा, वर्तनी लिखल<br>१४. वर्ण आ मात्रा के जोड़के आ हटाके लेखन ढाँचा के अनुलेखन कइल<br>१५. वर्ण आ मात्रा जोड़ के शब्द आ शब्द शब्द मिलाकर वाक्य निर्माण कइल | १. व्यञ्जन आ स्वर वर्ण अउरी अक्षर आ शब्द के उच्चारण आ विभेदीकरण कइल<br>२. हलन्त आ संयुक्त व्यञ्जन वर्ण प्रयोग भइल शब्दन के चिह्नके उच्चारण कइल<br>३. मिलत जुलत ध्वनि तथा समान संरचना रहल शब्द के पहचान आ प्रयोग कइल<br>४. पारिवारिक आ विद्यालयीय परिवेश में प्रयोग होखेवाला शब्द पहचान कके प्रयोग कइल<br>५. पाठ्यसामग्री पढ़ के नयाँ शब्द पहचान, अर्थबोध आ प्रयोग कइल<br>६. गति, यति आ लय मिलाके सस्वर वाचन<br>७. पाठ पढ़के बातबिचार तथा प्रश्नोत्तर कइल आ पाठ के घटनाक्रम बतावल<br>८. पढ़ल सामग्री अनुसार विषयवस्तु, पात्र आ घटना के बोध कके प्रतिक्रिया व्यक्त कइल<br>९. चित्र आ पाठ के परिवेश आ सन्दर्भ के आधार पर बातबिचार आ प्रश्नोत्तर कइल<br>१०. हर्ष, आश्चर्य, उत्सुकता जइसन संवेगात्मक अभिव्यक्ति समझ के प्रतिक्रिया व्यक्त कइल<br>११. बातचित, संवाद, छलफल आ प्रश्नोत्तर में सहभागी होके उपयुक्त भाषा के प्रयोग कइल<br>१२. शब्द अनुसार के चित्र आ चित्र अनुसार के शब्द पहचान कके प्रश्नोत्तर कइल<br>१३. शब्द के वर्ण विभाजन करे के आ वर्ण जोड़के, थपके, हटाके नयाँ शब्द निर्माण कइल<br>१४. अगल बगल के वस्तु के | १. वर्ण, अक्षर आ शब्द के उच्चारण आ विभेदीकरण कइल<br>२. पारिवारिक, विद्यालयीय आ सामाजिक परिवेश में प्रयोग होखेवाला शब्द पहचान कके प्रयोग कइल<br>३. मिलत जुलत ध्वनि तथा समान संरचना रहल शब्द के पहचान आ प्रयोग<br>४. हलन्त आ संयुक्त व्यञ्जन वर्ण प्रयोग भइल शब्दन के चिह्नके उच्चारण आ अर्थबोध कइल<br>५. पाठ में प्रयुक्त दैनिक प्रयोग में आवेवाला शब्द, परिचित शब्द तथा नयाँ शब्द के अर्थबोध कके पढ़ल<br>६. गति, यति आ लय मिलाके शुद्ध आ द्रुत वाचन कइल<br>७. प्राप्त सूचना तथा पढ़ल सामग्री के आधार पर पात्र, घटना आ अनुभव वर्णन आ सारांश बतावेके<br>८. चित्र आ पाठ के परिवेश आ सन्दर्भ के आधार पर बातबिचार, प्रश्नोत्तर आ तुलना कइल<br>९. हर्ष, चिन्ता, घृणा, आश्चर्य, उत्सुकता जइसन संवेगात्मक अभिव्यक्ति समझ के प्रतिक्रिया व्यक्त कइल<br>१०. बातचित, संवाद, छलफल आ प्रश्नोत्तर में सहभागी होके पद संगति मिलाके उपयुक्त भाषा के प्रयोग कइल<br>११. शब्द के वर्ण विभाजन करेके आ वर्ण जोड़के, थपके, हटाके अउरी बदलके नयाँ शब्द निर्माण कइल<br>१२. शब्दन के जोड़ के भा चिह्न के नयाँ शब्द के पहचान के उच्चारण एवम् शब्दसूची निर्माण आ प्रयोग कइल |

| | | |
|---|---|---|
| | चिह्नल आ ओकर वाक्य में प्रयोग<br>१५. पदसङ्गति (लिङ्ग, वचन, पुरुष) के उपयुक्त प्रयोग कके वाक्य रचना कइल<br>१६. विषयवस्तु के आधार पर बातचित आ छलफल कके लिखित अभिव्यक्ति देहल<br>१७. शब्द, वाक्य आ अनुच्छेद के अनुलेखन, श्रुतिलेखन, निर्देशित तथा स्वतन्त्र लेखन कइल | १३. सन्दर्भ सामग्री पढ़के विषयवस्तु बोध करके लिखल<br>१४. पदसङ्गति (लिंग, वचन, पुरुष, आदर, काल) के उपयुक्त प्रयोग कके वाक्य रचना आ परिवर्तन कइल<br>१५. तथ्य, सन्दर्भ, सूचना आ पूर्वज्ञान पर आधारित होके मौखिक आ लिखित अभिव्यक्ति देहल<br>१६. शब्द, वाक्य आ अनुच्छेद के अनुलेखन, श्रुतिलेखन, निर्देशित लेखन आ सिर्जनात्मक लेखन कइल |

### ३. विषयवस्तु के क्षेत्र आ क्रम कक्षा १

| विषयक्षेत्र | विषयवस्तु | सुनाई आ बोलाई | पठन | लेखाई | कार्यघण्टा |
|---|---|---|---|---|---|
| **वर्णज्ञान** | • ध्वनि आ वर्ण<br>• व्यञ्जन आ स्वर वर्ण<br>• वर्णक्रम<br>• मात्रा | • ध्वनि आ वर्ण के सुनाई<br>• वर्ण उच्चारण<br>• वर्ण के मात्राभेद सहित उच्चारण<br>• लोकगीत, बाल कविता, बाल कथा, भजन के सुनाई आ बोलाई | • स्वर वर्ण के पठन<br>• व्यञ्जन वर्ण के पठन<br>• वर्णक्रम<br>• वर्ण शुद्धता सहित (सस्वर, युगल, समूह आ द्रुत) पठन<br>• मात्रा बिना के सरल शब्द के पठन | • सङ्केत के आधार में लकीर पारल (सिधा, तिर्छा, टेढ़, गोल)<br>• बिन्दू जोड़ के वर्ण निर्माण<br>• व्यञ्जन वर्ण लेखन<br>• स्वर वर्ण के लेखन<br>• वर्ण के अनुलेखन आ श्रुतिलेखन<br>• वर्णक्रम के लेखन | ४० |
| **हम आ हमार परिवार** | • आपन आ परिवार के सामान्य परिचय आ अभिवादन | • आपन परिचय (नाम, थर, घर, परिवार, ठाँव)<br>• अभिवादन सूचक शब्द सुनके उच्चारण<br>• मात्रा लागल आ नालागल  व्यञ्जन वर्ण के पहचान के उच्चारण<br>• चित्र देखके शरीर के बाहरी अंग के नाम बतावेके<br>• बालगीत सुनके लय में गायन | • चित्र देख के परिवार के सदस्य के नाता बतावेके<br>• सङ्केत आ चित्र के आधार पर शब्द तथा सन्दर्भ पहचान<br>• दूगो अक्षर से बनल शब्द पठन<br>• शब्दअनुसार के चित्र आ चित्रअनुसार के शब्द पहचान<br>• चित्र के आधार पर शरीर के बाहरी  अंग के नाम पठन<br>• मात्रा के पहचान आ पठन<br>• वर्तनी के पठन | • बिन्दू जोड़के दू अक्षर के शब्द लेखन<br>• चित्र में रङभरण<br>• चित्र देखके पहिलका वर्ण लेखन<br>• बिन्दू जोड़के मात्रा लेखन<br>• मात्रा ना लागल तीन अक्षर तकले के शब्द के अनुलेखन | २० |
| **हमार दैनिकी** | • दैनिकी से सम्बन्धित दिन, समय आ खानपान | • शब्द के उच्चारण सुनके ओइसने उच्चारण<br>• मौखिक सवालजवाफ<br>• चित्र के आधार पर खाद्यवस्तु के नाम उच्चारण<br>• चित्र वर्णन<br>• बाल कविता सुनके लय में गायन | • शब्दअनुसार के चित्र आ चित्रअनुसार के शब्द पहचान<br>• स्वर आ व्यञ्जन वर्ण मिलाके शब्द पठन<br>• सरल शब्द पठन | • सङ्केत के आधार पर आकृति रेखा निर्माण<br>• मात्रा लेखन<br>• चित्र देख के शब्द मेसे छुटल वर्ण लेखन<br>• वर्तनी लेखन<br>• मात्रा लागल दू अक्षर के शब्द के अनुलेखन<br>• खाली ठाँव में वर्ण भरण | २० |
| **हमनी के** | • सामाजिक | • पाठगत शब्द के सुनाई आ उच्चारण | • मात्रावाला शब्द के सस्वर वाचन | • चित्र आ वर्ण के जोड़ा मिलान | १५ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **समुदाय** | क्रियाकलाप, व्यवहारिक जीवन से सम्बन्धित विषयवस्तु | • मौखिक सवालजवाफ<br>• मात्रा लागल शब्द के उच्चारण<br>• पाठगत विषयवस्तु के बारे में सुनके कहल<br>• चित्र देखके आपसी बातचीत करेके<br>• १ से १० अङ्क के अक्षर के सुनाई आ बोलाई | • चित्र के आधार पर घर के सामान के नाम पठन<br>• तीन वर्ण तकले शब्द पठन<br>• पाठ के तोकल शब्दन के पठन<br>• घर बाहर के बस्तु के चित्र देख के शब्द पठन<br>• चित्र देख के सही शब्द चिह्नके पठन | • निर्दिष्ट शब्द के अनुलेखन<br>• चित्र के आ शब्द जोड़ा मिलान<br>• बिन्दू जोड़ के चित्र निर्माण<br>• क वर्ण के वर्तनी लेखन<br>• खाली ठाँव में मिलेवाला वर्ण भरण | |
| **हमार विद्यालय** | • विद्यालय के सामग्री आ क्रियाकलाप | • पाठ में रहल शब्द के अनुकथन<br>• विद्यालय के क्रियाकलाप के कथन<br>• चित्रबोध<br>• बालगीत लय मिलाके गायन | • पाठगत शब्द के अर्थबोध कके पठन<br>• चित्र देखके काम के वर्णन<br>• एकल आ यूगल रुप में सरल वाक्य पठन | • पाठ सम्बद्ध शब्द अनुलेखन<br>• चित्र देख के विद्यालय सम्बद्ध शब्द लेखन<br>• शब्द श्रुतिलेखन<br>• दू शब्द के बनल वाक्य मेसे छुटल वर्ण चुन के लिखल<br>• कक्षा में प्रयोग होखेवाला बस्तु के चित्र से जोड़ा मिलान<br>• वस्तु आ चित्र के नाम कहल आ लेखन<br>• १ से १० अङ्क के अक्षर में लेखन | १० |
| **हमनी के वातावरण** | • अगल बगल के बस्तु आ वातावरण | • पाठ में रहल शब्द के अनुकथन<br>• सरल वाक्य उच्चारण<br>• अपना घर के अगल बगल रहल वस्तु के नाम के कथन<br>• सुनल आधार पर प्रश्न के उत्तर कथन<br>• शिक्षक के साहायता से वाक्य सुन के उच्चारण<br>• १० से २० अङ्क के अक्षर में कथन | • पाठ में रहल शब्द के पठन<br>• अपना घर के अगल बगल रहल वस्तु के नाम के पठन<br>• चित्र देखके पठन<br>• पाठ सम्बद्ध वाक्य के पठन | • अपना घर के अगल बगल रहल वस्तु के नाम के लेखन<br>• चित्र देखके नाम लेखन<br>• चित्र के आधार पर शब्द के जोड़ा मिलान<br>• वर्ण भर के शब्द निर्माण<br>• अगाड़ि के वर्ण हटा के नयाँ शब्द निमार्ण<br>• चित्र में रङ भरण | १५ |
| **हमार सिर्जना** | • चित्र रेखाङ्कन, | • तोकल कविता भा भजन भा गीत के सुनाई आ गायन | • तोकल विषयवस्तु के शब्द के अनुकरण | • बिन्दू जोड़ के चित्र निर्माण | १० |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | चित्रसज्जा, रङभरण<br>• बालगीत भा स्तुति | • रुचि से सम्बन्धित विषयवस्तु के बयान<br>• चित्र के बयान<br>• सुनाई के आधार पर सवालजबाब | • हावभाव, गति सहित तोकल वाक्य सस्वर पठन<br>• चार शब्द के वाक्य पठन<br>• दूगो शब्द मेसे एगो शब्द चुन के वाक्य पठन<br>• १० से २० अङ्क के अक्षर में पठन | • तोकल गीत, कविता भा भजन के हरफ अनुलेखन<br>• शब्द आ वाक्य में छुटल वर्ण आ मात्रा भरण<br>• पाठ से सम्बन्धित वाक्य में छुटल शब्द चुनके लेखन<br>• ठीक बेठीक छटिआवल | |
| **हमनी के संस्कृति** | • स्थानीय पर्व, संस्कार आ संस्कृति | • पर्व के नाम के सुनाई आ कथन<br>• चित्र देखके पर्व के वर्णन<br>• परिकार के नाम के सुनाई आ कथन<br>• पाठ सुनके प्रतिक्रिया<br>• धार्मिक स्थल सम्बद्ध विषयवस्तु के सुनाई आ कथन<br>• २० से ३० अङ्क के अक्षर में कथन | • चित्र देख के पर्व में बनेवाला प्रसादी के नाम पठन<br>• धार्मिक क्रियाकलाप के चित्र देख के बोध<br>• हावभाव, गति सहित तोकल वाक्य सस्वर पठन | • स्थानीय पर्व के नाम लेखन<br>• चित्र देख के संस्कार आ पर्व के नाम जोड़ा मिलान<br>• टोला में भइल धार्मिक स्थल के नाम लेखन<br>• नाम आ क्रिया सम्बद्ध शब्दन के जोड़ा मिलान<br>• पाठ से सम्बन्धित शब्द के चुन के वाक्य पूरा कइल<br>• १० से २० अङ्क के अक्षर में लेखन | १० |
| **सञ्चार आ प्रविधि** | • स्थानीय सञ्चार आ प्रविधि | • पाठगत शब्द शुद्ध उच्चारण<br>• मौखिक सवालजवाफ<br>• विषयवस्तु के बारे में बातचीत<br>• चित्र वर्णन<br>• स्थानीय प्रविधि बारे में बयान<br>• पाठ के अनुवाचन आ सहवाचन | • सञ्चारसम्बद्ध शब्द के पठन<br>• प्रविधि सम्बद्ध सामान के नाम के पठन<br>• हावभाव, गति आ शुद्धता समेत तोकल अनुच्छेद सस्वर पठन<br>• पाठ के आधार में सवालजवाफ<br>• पाठगत शब्द पहचान<br>• चित्र वर्णन<br>• २० से ३० अङ्क के अक्षर में पहचान | • खाली ठाँव में वर्ण भरण<br>• सञ्चार के साधन आ उपकरण के चित्र चिह्न के नाम जोड़ा मिलान<br>• घरायसी प्रयोग में आ रहल औजार के नाम चुन के वाक्य पूरा कइल<br>• जोड़ा मिलान (शब्द आ चित्र, चित्र आ चित्र भा शब्द आ शब्द)<br>• पाठ से सम्बन्धित शब्द चुन के अनुच्छेद पूरा कइल | १० |

| खेलकुद | • स्थानीय खेल | • पाठगत शब्द के सुनाई आ उच्चारण<br>• मौखिक सवालजवाफ<br>• चित्र देखके खेल के बयान<br>• सुनल विषयवस्तु में प्रतिक्रिया<br>• सुनल आधार पर शब्द चिह्नेवाला खेल खेलेके | • हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ सस्वर पठन<br>• विषयवस्तु के आधार में मौखिक सवालजवाफ<br>• चित्र देखके खेल अनुमान | • चित्र के आधार पर खेल चिह्नके खेल के नाम जोड़ा मिलावल<br>• शब्द के अर्थ जोड़ा मिलान<br>• खेल सामग्री के चित्र निर्माण<br>• वाक्य के छुटल शब्द चिह्न के लेखन<br>• ठीक बेठीक छटिआवल<br>• वाक्य के अनुलेखन<br>• पाठ सम्बद्ध शब्द के वाक्य में प्रयोग<br>• २० से ३० अङ्क के अक्षर में लेखन | १० |
|---|---|---|---|---|---|
| **जम्मा** | | | | | **१६०** |

**कक्षा २**

| **विषयक्षेत्र** | **विषयवस्तु** | **सुनाई आ बोलाई** | **पठन** | **लेखाई** | **कार्यघण्टा** |
|---|---|---|---|---|---|
| **हम आ हमार परिवार** | • परिवार आ नाता | • परिवार के सदस्य के नाम कथन<br>• परिवार के सदस्य के काम के बारे में बातचीत<br>• चित्र वर्णन<br>• ३० से ५० अङ्क के अक्षर में कथन | • शरीर के अंग के नाम के पठन<br>• सङ्ख्यावाचक शब्द के पठन<br>• परिवारिक संबन्ध सूचक नाम के पठन<br>• चित्र देखके सवालजवाफ<br>• शब्द अर्थ पठन | • आपन आ परिवार के सदस्य के नाम लेखन<br>• चित्र देख के शरीर के अंग के नाम जोड़ा मिलान<br>• सामान अर्थ देवेवाला शब्द के जोड़ा मिलान<br>• पारिवारिक नाता बुझावेवाला शब्द लेखन<br>• वर्ण थप के शब्द निर्माण<br>• रङ भरण<br>• निर्धारित अनुच्छेद के अनुलेखन | १७ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | • पाठ सम्बद्ध शब्द के सरल वाक्य में प्रयोग | |
| **हमार दैनिकी** | • दैनिक दिनचर्या | • पाठ के नयाँ शब्द सुनाई आ उच्चारण<br>• समय कथन<br>• सात दिन के नाम कथन<br>• शिक्षक से सुनके प्रचलन में रहल भजन भा बालकविता लय मिलाके गायन<br>• दैनिक दिनचर्या के विषय में मौखिक सवालजवाफ<br>• नित्यकर्म के वयान<br>• चित्र के वर्णन | • सात दिन के नाम पठन<br>• तोकल वाक्य के पठन<br>• पाठ के आधार पर सवालजवाफ<br>• कलेण्डर देखके दिन आ मिति चिह्नल<br>• ३० से ५० अङ्क के अक्षर में पठन | • सात दिन के नाम लेखन<br>• तोकल सरल अनुच्छेद अनुलेखन<br>• पाठ के शब्द के श्रुतिलेखन<br>• शब्द चिह्नके घेरा लगावल<br>• वर्ण निकालके भा एनेओने कके नयाँ शब्द निर्माण<br>• मिलेवाला शब्द के जोड़ा मिलान<br>• शब्द के क्रम मिलाके वाक्य निर्माण<br>• पाठ सम्बद्ध शब्द के वाक्य में प्रयोग<br>• चित्र में रङभरण | १९ |
| **हमनी के समुदाय** | • सरसफाई, आपसी सहकार्य, सामाजिक उत्सव | • अपने ठाँव के नाम कथन<br>• समुदाय सम्बद्ध वाक्य उच्चारण<br>• सरसफाई के विषय में मौखिक वर्णन<br>• चित्र देखके सामाजिक उत्सव के वर्णन<br>• लिङ्ग, वचन, पुरुष आ आदर के सङ्गति मिला के बोलाई<br>• मौखिक सवालजवाफ | • पाठगत सन्दर्भ आ पूर्वज्ञान के आधार पर पाठ के बारे में अनुमान<br>• तोकल शब्द के पठन<br>• गति, यति आ हावभाव सहित अनुच्छेद के पठन<br>• पाठ पढ़के प्रश्नोत्तर करेके<br>• चित्र देख के समुदाय में होखेवाला काम के पठन | • गाँव भा नगरपालिका के नाम लेखन<br>• खाली ठाँव भरके वाक्य लेखन<br>• शब्द के क्रम मिलाके वाक्य निमार्ण<br>• तोकल अनुच्छेद अनुलेखन<br>• खाली ठाँव में उपयुक्त चिह्न लेखन<br>• समुदाय सम्बद्ध शब्द लेखन<br>• वाक्य श्रुतिलेखन<br>• ३० से ५० अङ्क के अक्षर में लेखन<br>• लिङ्ग, वचन के सङ्गति मिलेवाला शब्द चुन के खाली ठाँव भरण<br>• समुदाय में होखेवाला पाँचगो काम के नाम लेखन<br>• सरल चित्र निर्माण | १७ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **हमार विद्यालय** | • विद्यालय आ विद्यालय सरसफाई | • विद्यालय के सरसफाई सम्बन्धित क्रियाकलाप कथन<br>• विद्यालय सम्बद्ध गीत भा कविता लय में गायन<br>• विद्यालय के आ शिक्षक के नाम कथन<br>• लिङ्ग, वचन के सङ्गति मिला के बोलाई<br>• ५० से ८० अङ्क के अक्षर में कथन | • विद्यालय सम्बद्ध शब्द के पठन<br>• हावभाव गति सहित पाठ के सस्वर पठन<br>• विषयवस्तु के आधार पर सवालजवाफ<br>• शब्द अर्थ पठन<br>• उल्टा अर्थ देवेवाला शब्द पठन<br>• बुझउअल पठन | • विद्यालय, शिक्षक आ संघतीअन के नाम लेखन<br>• सरसफाई से सम्बन्धित शब्द सुचि निर्माण<br>• वर्ण जोड़के आ हटाके शब्द निर्माण<br>• शब्द के क्रम मिलाके वाक्य निमार्ण<br>• पाठ सम्बद्ध शब्द के वाक्य में प्रयोग<br>• लिङ्ग, वचन के सङ्गति मिलेवाला शब्द चुनके वाक्य लेखन<br>• ठीक बेठीक छटिआवल<br>• सरल अनुच्छेद के श्रुतिलेखन<br>• उपयुक्त शब्द चुनके संवाद पूरण | १८ |
| **हमनी के वातावरण** | • वातावरण आ वातावरणीय स्वच्छता | • वातावरण जनावेवाला शब्द के उच्चारण आ विषयवस्तु के बयान<br>• पाठ के शब्द आ वाक्य के स्वतन्त्र उच्चारण<br>• चित्र के आधार पर वातावरण सम्बद्ध विषयवस्तु के बयान<br>• तोकल शब्द के अर्थकथन<br>• चन्द्रबिन्दु, शिरबिन्दु आ विसर्ग के प्रगोग कके वाक्य उच्चारण | • तोकल शब्द के शुद्ध पठन<br>• निर्दिष्ट शब्द के पर्यायवाची शब्द के पठन<br>• तोकल अनुच्छेद के पठन<br>• श्रव्य दृश्य सामग्री देखके सवालजवाफ करेके<br>• चित्र देखके सरल वाक्य में वर्णन<br>• ५० से ८० अङ्क के अक्षर में पठन | • पर्यायवाची शब्द जोड़ा मिलान<br>• देहल वाक्य मेसे सही वाक्य ठीक बेठीक छटिआवल<br>• अनुच्छेद के अनुलेखन<br>• लिङ्ग, वचनके सङ्गति मिला के वाक्य लेखन<br>• शब्द के क्रम मिलाके वाक्य लेखन<br>• वातावरण सम्बद्ध शब्द के सूचि निर्माण | १९ |
| **हमार सिर्जना** | • चित्र रेखाङ्कन, चित्रसज्जा, रङभरण<br>• बाल गीत गायन<br>• कविता वाचन | • गीत भा कविता के लयबोध आ गायन<br>• कविता सुनके ओकरा आधार पर सवालजवाफ | • हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ सस्वर पठन<br>• विषयवस्तु के आधार | • देहल सरल चित्र देखके ओइसनके चित्र निर्माण<br>• चित्र में भइल बस्तु के नाम लेखन<br>• कविता के हरफ के अनुलेखन | १८ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | • समान ध्वनि भइल शब्दन के पहचान कके उच्चारण करेके<br>• बाल कविता आ गीत सुनके पुनर्कथन करेके<br>• चित्र के आधार पर मौखिक वर्णन करेके | पर मौखिक सवालजवाफ<br>• पाठ में भइल नयाँ शब्द के अर्थबोध<br>• चित्र के आधार पर छलफल अउरी प्रश्नोत्तर | • पाठ मेसे नयाँ शब्द चुनके लेखन<br>• पाठगत सवालजवाफ<br>• पूर्णविराम, अल्प विराम आ प्रश्नवाचक लेख्यचिह्न के प्रयोग कके वाक्य लेखन<br>• वाक्य के श्रुतिलेखन<br>• चित्र सज्जा आ रंग भरण<br>• ५० से ८० अङ्क के अक्षर में लेखन | |
| **हमनी के संस्कृति** | • संस्कृति आ संस्कार<br>• ऋतु आ महिना | • सांस्कृतिक गतिविधि के बारे में बतावेके<br>• पाठगत विषयवस्तु के बयान<br>• चित्र देखके पर्व के बारे में बातचीत<br>• साँस्कृतिक गतिविधि में प्रयोग होखेवाला शब्द के पहचान आ उच्चारण<br>• धार्मिक स्थल के बारे में बतावेके | • चित्र देख के पर्व के नाम पठन<br>• हावभाव, गति आ शुद्धता सहित सस्वर पाठ पठन<br>• विषयवस्तु पठन के आधार पर मौखिक सवालजवाफ<br>• दृश्य सामग्री के बोध आ मौखिक अभिव्यक्ति<br>• पाठ पढ़के पाठ में उल्लेखित पात्र, परिवेश आ घटना के बारे में वर्णन | • ऋतु आ ओह ऋतु में पड़ेवाला महिना के नाम लेखन<br>• अनुच्छेद के अनुलेखन<br>• पाँचगो नदी के नाम लेखन<br>• वाक्य के श्रुतिलेखन<br>• घर में मनावल जाएवाला पर्व के बारे में पाँचगो वाक्य लेखन<br>• पदसङ्गति मिलाके सरल वाक्य लेखन<br>• साँस्कृतिक अउरी धार्मिक स्थल सम्बद्ध शब्दन के सूची निर्माण<br>• चित्र के आधार पर सरल अनुच्छेद लेखन | १९ |
| **सञ्चार आ प्रविधि** | • स्थानीय प्रविधि, सञ्चार के साधन | • सञ्चार आ प्रविधि के साधन सब के नाम पहचान कके शुद्ध उच्चारण<br>• चित्र के आधार पर बातविचार आ प्रश्नोत्तर<br>• हावभाव सहित बातचीत, बात विचार आ प्रस्तुति के अनुकरण | • पाठ में प्रयोग भइल नयाँ शब्द के अर्थबोध सहित पठन<br>• हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ सस्वर पठन<br>• विषयवस्तु के आधार पर मौखिक सवालजवाफ<br>• चित्र के आधार पर प्रश्नोत्तर<br>• पाठ पढ़के बातविचार आ प्रश्नोत्तर | • खाली ठाँव में वर्ण भरके शब्द निर्माण<br>• सञ्चार के साधन के नाम लेखन<br>• पाठगत शब्द के पहचान आ वाक्य में प्रयोग<br>• उल्टा अर्थ देवेवाला शब्द के जोड़ा मिलान<br>• सञ्चार आ प्रविधि के साधन के सूची निर्माण<br>• चित्र आ शब्द के जोड़ा मिलान<br>• वचन के आधार पर वाक्य परिवर्तन<br>• देहल अनुच्छेद के अनुलेखन | १८ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | • श्रव्य सामग्री के श्रुतिबोध<br>• सञ्चार के साधानसब के नाम के बारे में वर्णन<br>• स्थानीय हटिआ बजार में मिलेवाला सामान के बारे में वर्णन | • पाठगत बिषयबस्तु के बोध<br>• ८० से १०० तकले अङ्क के अक्षर में पठन | • अनुच्छेद के श्रुतिलेखन<br>• देहल सञ्चार के साधन के बारे में छोट अनुच्छेद लेखन<br>• पूर्णविराम, अल्पविराम, प्रश्नवाचक आ विस्मयादिबोधक प्रयोग भइल अनुच्छेद के लेखन | |
| **खेलकुद** | • स्थानीय खेल आ खेल में प्रयोग होखेवाला बस्तु | • पाठगत शब्द के सुनाई आ शुद्ध उच्चारण<br>• मौखिक सवालजवाफ<br>• चित्र देख के मौखिक बयान<br>• लिङ्ग, वचन, पुरुष आ आदर के सङ्गति मिला के बोलाई<br>• सुनल विषयवस्तु में प्रतिक्रिया | • हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ सस्वर पठन<br>• विषयवस्तु के आधार पर मौखिक सवालजवाफ<br>• पाठ पढ़ के सार कथन<br>• निर्धारित समय में तोकल पाठ भा अनुच्छेद पढ़ेके<br>• पाठ के शुरु, बिच आ अन्तके मुख्य मुख्य घटना बयान | • पाठ के नयाँ शब्द पहचान आ अर्थबोध सहित वाक्य में प्रयोग<br>• शब्द के अर्थ जोड़ा मिलावेके<br>• उल्टा अर्थ देवेवाला शब्द लेखन<br>• लिङ, वचन, पुरुष के आधार पर देहल वाक्य ठीक बेठीक छटिआवल<br>• पूर्णविराम, अल्पविराम, प्रश्नवाचक, चुन के वाक्य लेखन<br>• बुँदा के आधार पर अनुच्छेद लेखन<br>• पाठ से सम्बन्धित प्रश्न के उत्तर लेखन<br>• निर्धारित पाठ के मुख्य मुख्य बुँदा टिपोट<br>• काल अनुसार क्रिया चुन के वाक्य निर्माण<br>• ८० से १०० तकले अङ्क के अक्षर में लेखन | १५ |
| **जम्मा** | | | | | **१६०** |

**(ग) विषयवस्तु के क्षेत्र आ क्रम कक्षा ३**

| **विषयक्षेत्र** | **विषयवस्तु** | **सुनाई आ बोलाई** | **पठन** | **लेखाई** | **कार्यघण्टा** |
|---|---|---|---|---|---|
| **हम आ** | • परिवार के सदस्य के जिम्मेवारी, | • माई बाबु के नाम, थर, काम | • पारिवारिक सम्बद्ध चित्र | • आदरार्थी शब्द पहचान आ प्रयोग | १७ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **हमार परिवार** | एकआपस में सहयोग आ घरपरिवार सम्बद्ध सामग्री | भा पेसा के बारे में वर्णन<br>● परिवारिक सदस्य के आपसी सरसहयोग के बारे में बातचीत<br>● संवाद, अन्तरक्रिया आ प्रश्नोत्तर के आधार पर भाषिक सञ्चार<br>● शब्द के शुरु आ अन्त के वर्ण छुट्याके आ जोड़के उच्चारण<br>● श्रव्यदृश्य सामग्री से सूचना अउरी जानकारी बोध | के वर्णन आ अनुमान<br>● तोकल समय भितर शब्द, वाक्य तथा अनुच्छेद पठन<br>● आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>● निर्धारित पाठ पढ़के घट्नाक्रम बतावेके<br>● पाठगत सन्दर्भ आ परिवेश के आधार पर बातविचार आ सवालजबाब | ● रिस्ता आ रिस्तेदार के नाम लेखन<br>● काल अनुसार क्रिया चुनके वाक्य निर्माण<br>● परिवार के सदस्य के कर्तव्य आ व्यवहार के बारे में अनुच्छेद लेखन<br>● पाठ के आधार पर सवाल के जबाब लेखन<br>● तोकल शब्द के अर्थ खुला के वाक्य में प्रयोग<br>● शरीर के बाहरी अङ के नाम आ काम जोड़ा मिलावेके<br>● हलन्त आ संयुक्त व्याञ्जन वर्ण आ लेख्यचिह्न के प्रयोग कके वाक्य लेखन<br>● विषयवस्तु के शिलशीला आ घटनाक्रम मिलान कके अनुच्छेद लेखन<br>● चित्र निर्माण आ रङ भरण | |
| **हमार दैनिकी** | ● दैनिक जीवन, भोजन, दिन आ समय | ● भोजन सम्बद्ध शब्द उच्चारण<br>● पाठ के नयाँ शब्द सुनाई आ बोलाई<br>● घड़ी देखके समय कथन<br>● चित्र देखके विषयवस्तु वर्णन<br>● बालगीत भा बालकविता सुनके लय में वाचन आ | ● तोकल समय भितर शब्द, वाक्य अउरी पाठ पठन<br>● आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>● पाठ पढ़के सवालजवाफ<br>● पाठ के आधार पर विषयवस्तु के अनुमान | ● फल आ पेय पदार्थ के नाम लेखन<br>● दिन के नाम लेखन<br>● पाठगत शब्द के अर्थ लेखन आ वाक्य में प्रयोग<br>● पाठ के अनुलेखन<br>● चिह्न प्रयोग सहित अनुच्छेद लेखन | १७ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | पुनर्कथन | • क्रमअनुसार दिन आ महिना के नाम बतावेके | • पाठगत सवाल के उत्तर लेखन<br>• चित्र वर्णन कके अनुच्छेद लेखन<br>• संवाद पूरा कके लेखन | |
| **हमनी के समुदाय** | • सामुदायिक कार्य में सहभागिता आ समुदाय में भइल चालचलन | • संयुक्ताक्षर शब्द के शुद्ध उच्चारण<br>• सहयोग सम्बन्धित मौखिक सवालजवाफ<br>• छुवाछुत के विषयवस्तु आ सन्दर्भ बयान<br>• चित्र बयान<br>• निमन आ बाउर के बारे में संवाद कके प्रश्नोत्तर<br>• श्रव्य सामग्री के बोध | • चित्र वर्णन<br>• तोकल समयभित्र शब्द, वाक्य अउरी अनुच्छेद पठन<br>• आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>• सन्दर्भ सामग्री पढ़के पठन के गति वृद्धि<br>• पाठ पढ़के ओकरा आधार पर सवालजवाफ | • खाली ठाँव में वर्ण आ शब्द भरके अनुच्छेद लेखन<br>• समुदाय में आधारित पेशा आ काम के जोड़ा मिलान<br>• जोड़ा मिलान (शब्द आ चित्र, चित्र आ चित्र भा शब्द आ शब्द)<br>• समुदाय में प्रचलित निमन बाउर अभ्यास के ठीक बेठीक छटिआवल<br>• देहल अनुच्छेद के अनुलेखन<br>• आदरार्थी शब्द के प्रयोग कके वाक्य रचना<br>• वाक्य में काल बोधक क्रिया चुन के वाक्य निर्माण | १९ |
| **हमार विद्यालय** | • विद्यालय के परिचय, क्रियाकलाप आ सामग्री | • पाठगत शब्द शुद्ध उच्चारण<br>• विद्यालय के बारे में वर्णन<br>• चित्र देख के विद्यालय सम्बद्ध क्रियाकलाप वर्णन<br>• विद्यालय सम्बद्ध गीत भा कविता गायन<br>• श्रव्य सामग्री सुनके प्रश्नोत्तर | • तोकल समय भितर शब्द, वाक्य अउरी पाठ पठन<br>• आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>• पाठ पढ़के सवालजवाफ<br>• पाठ के आधार पर अनुमान<br>• पर्यायवाची आ उल्टा अर्थ देवेवाला शब्द पठन<br>• चित्र वर्णन | • पाठगत शब्द के अर्थ लेखन आ वाक्य में प्रयोग<br>• पूर्णबिराम, अल्पबिराम, प्रश्नवाचक आ विशम्यादी चिह्न प्रयोग कके अपना विद्यालय के बारे में छोट अनुच्छेद लेखन<br>• पाठगत सवाल के जवाफ लेखन<br>• देहल शीर्षक के आधार पर बुँदा लेखन | १८ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ● विद्यालय में होखेवाला गतिविधि के क्रम मिलाके लेखन<br>● निर्धारित पाठ में पात्र अउरी सन्दर्भ परिवर्तन कके पुनर्लेखन | |
| **हमनी के वातावरण** | ● वातावरण संरक्षण आ सचेतना | ● पाठ सम्बद्ध विषयवस्तु के वयान<br>● पाठ के शब्द के अर्थ सहित अनुकथन<br>● चित्र से मौसम के अनुमान<br>● वातावरण सम्बन्धित चित्र वर्णन<br>● निर्दिष्ट शब्द के उल्टा अर्थवाला शब्द कथन<br>● गीत सुन के साथेसाथे गायन | ● आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>● सन्दर्भ सामग्री पढ़के पठन के गति वृद्धि<br>● पाठ पढ़के सवालजवाफ<br>● काल सम्बद्ध क्रिया के पठन | ● शब्द के अर्थ जोड़ा मिलान<br>● ठीक बेठीक छटिआवेके<br>● पाठगत शब्द के अर्थ लेखन आ वाक्य में प्रयोग<br>● पाठगत सवाल के जवाफ लेखन<br>● पुरुष आ आदर के आधार पर वाक्य परिवर्तन<br>● उचित शब्द चुन के अनुच्छेद पूरा करेके<br>● आधा अक्षर सहित के शब्द लेखन<br>● काल अनुसार के क्रियापद भरके वाक्य निर्माण | १८ |
| **हमार सिर्जना** | ● नृत्य, हस्तकला आ चित्रकारी | ● गीत भा कविता के लयबोध आ गायन<br>● नाच के चित्र देखके वर्णन<br>● सूचनामूलक पाठ सुनके अपना शब्द में पुनर्कथन<br>● सङ्गति मिला के विषयवस्तु के वर्णन<br>● रुचि से सम्बन्धित विषयवस्तु वर्णन<br>● हस्तकला सम्बन्धित चित्र वर्णन | ● चित्र के आधार पर बातबिचार<br>  ● तोकल समय भितर शब्द, वाक्य अउरी पाठ पठन<br>  ● आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>  ● पाठ पढ़के सवालजवाफ<br>● शब्द पढ़के अर्थ<br>● देहल निर्देशन के आधार पर हस्तकला निर्माण | ● पाठगत शब्द के अर्थ लेखन आ वाक्य में प्रयोग<br>● अनुच्छेद के श्रुतिलेखन<br>● पाठगत सवाल के जवाफ लेखन<br>● पूर्णबिराम, अल्पबिराम, प्रश्नवाचक आ विशम्यादी चिह्न प्रयोग सहित स्थानीय नाच के बारे में अनुच्छेद लेखन<br>● स्थानीय नृत्य आ हस्तकला के सूचि नार्माण | १८ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | • चित्र निर्माण | |
| **हमनी के संस्कृति** | • लोकबाजा, भेषभूषा, धर्मिक आ सांस्कृतिक स्थल | • स्थानीय स्तर में गावल जाएवाला लोकभाका के सुनाई आ गायन<br>• दृश्य सामग्री प्रयोग कके गाँवघर में मिलेवाला लोकबाजा के सुनाई पहचान आ नाम उच्चारण<br>• चित्र देखके भेषभूषा के नाम आ वर्णन<br>• धार्मिक, ऐतिहासिक क्षेत्र के बारे में श्रव्य सामग्री सुन के अभिव्यक्ति<br>• अपना गाँव के धार्मिक स्थल, लागेवाला मेला आ समय के पहचान आ ओकर वयान<br>• चित्र देख के संस्कार के बारे में बयान | • आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>• तोकल पाठ पढ़के सार कथन<br>• पाठ पढ़के सवालजवाफ<br>• बुझ्अल के बोध<br>• चित्र देख के संस्कार के बारे में कथन | • पाठगत शब्द के वाक्य में प्रयोग<br>• पाठगत प्रश्न के उत्तर लेखन<br>• बुझ्अल के उत्तर लेखन<br>• वाक्य के क्रम मिलाके अनुच्छेद रचना<br>• शब्दभरण कके कथा पूरण<br>• लिङ परिवर्तन कके वाक्य पूर्नलेखन<br>• विवाह संस्कार के बारे में छोट अनुच्छेद लेखन<br>• साँस्कृतिक अउरी धार्मिक स्थल सम्बद्ध शब्द के सूची निर्माण | १९ |
| **सञ्चार आ प्रविधि** | • सञ्चार के साधन के उपयोग, स्थानीय प्रविधि | • पाठगत शब्द के उच्चारण<br>• पाठगत मौखिक सवालजवाफ<br>• विषयवस्तु पर आधारित बातचीत<br>• चित्र के आधार पर विषयवस्तु आ सन्दर्भ के बारे में बयान<br>• पुरुष आ आदर सङे क्रियापद के मेल कराके सहज वाक्य | • तोकल समय भितर शब्द, वाक्य अउरी अनुच्छेद पठन<br>• आशय आ भावअनुकूल हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ पठन<br>• सन्दर्भ सामग्री पढ़के पठन के गति वृद्धि<br>• पाठ के आधार पर सवालजवाफ<br>• चित्र देखके अनुमान आ | • पाठसे सम्बन्धित शब्द के अर्थबोध आ प्रयोग<br>• सुचना प्रविधि उपकरण चिह्नके नाम लेखन<br>• वचन आ आदर के आधार पर वाक्य परिवर्तन<br>• जोड़ा मिलावेके (शब्द र चित्र, चित्र र चित्र वा शब्द र शब्द)<br>• काल के आधार पर खाली ठाँव | १९ |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | के बोलाई | अभिव्यक्ति<br>● समाचार भा पत्र पत्रिका पठन आ बोध कके अभिव्यक्ति<br>● निवेदन के पठन | में उपयुक्त शब्द चुनके लेखन<br>● पाठगत सवाल के जवाफ लेखन<br>● बुँदा के आधार पर कथा रचना<br>● सञ्चार के साधन के बारे में छोट अनुच्छेद लेखन | |
| **खेलकुद** | ● स्थानीय खेल आ अनुशासन | ● खेल सम्बन्धी अनुभव बयान<br>● खेल के नियम के बयान<br>● लिङ्ग, वचन, पुरुष आ आदर के सङ्गति मिला के विषयवस्तु के कथन<br>● सुनल विषयवस्तु पर प्रतिक्रिया<br>● चित्र देख के खेल के बयान | ● हावभाव, गति आ शुद्धता सहित पाठ सस्वर आ द्रुत पठन<br>● विषयवस्तु के आधार पर मौखिक सवालजवाफ<br>● पाठ पढ़के अनुमान आ तुलना<br>● पाठ पढके विषयबस्तु के बोध आ अभिव्यक्ति | ● पाठगत शब्द पहचान कके वाक्य में प्रयोग<br>● अनुच्टछेद के श्रुतिलेखन<br>● पूर्णविराम, अल्पविराम, प्रश्नवाचक, विस्मयादिबोधक प्रयोग कके तोकल विषय में अनुच्छेद लेखन<br>● तोकल खेल के नियम के बुँदा लेखन<br>● काल बोधक वाक्य में क्रिया भर के वाक्य पूरा करेके<br>● बुँदा के आधार पर कथा रचना<br>● चित्र देख के खेल के लिखित वर्णन | १५ |
| **जम्मा** | | | | | **१६०** |

## ५. सिकाई सहजीकरण क्रियाकलाप

भाषा शिक्षण मूलतः सिपमूलक विषय ह । भाषिक सिप में दूगो पक्ष होला ग्रहण आ अभिव्यक्ति । ग्रहण सिप भितर सुनल आ पढ़ल सिप पड़ेला त अभिव्यक्ति सिप भितर वाक् (बोलल आ लेखन) सिप पड़ेला । ओहिसे भाषा शिक्षण करेके बेरा विषयवस्तु गौण होजाला त भाषिक सिप प्रमुख होला । अइसे भाषा शिक्षण विषयवस्तु के शिक्षण ना होके विषयवस्तु व्यक्त करेवाला भा बुझेवाला माध्यम ह । ओहिसे भाषा शिक्षण करेके बेरा विषयवस्तु से बेसी सुनाई, बोलाई, पढ़ाई आ लेखाई सिप विकास में जोड़ देवे के चाहीं । फिर भी भाषिक सिप शिक्षण के क्रम में करल जाएवाला उच्चारण, बोध, व्याकरण, शब्दभण्डार जइसन भाषिक पक्ष के शिक्षण खातिर भी विषयवस्तु ही प्रमुख माध्यम ह कहल बात भुलाए के ना चाहीं । ओइसही भाषा शिक्षण में व्याकरण के नियम आदि सैद्धान्तिक ज्ञान में जोड़ नादेके कार्यमूलक (अभ्यासमूलक) व्याकरण शिक्षण में जोड़ देवे के चाहीं । भोजपुरी भाषा विषय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के माध्यम से भाषिक सञ्चार आ अभिव्यक्ति में निपूर्णता ओर उन्मुख करावे में प्रेरित करेला । ई विषय के सिकाई सहजीकरण प्रक्रिया में भाषिक सिप के उपयोग के सडेसडे तोकल विषयवस्तु के सन्तुलित रूप में छनौट आ प्रयोग कइल सान्दर्भिक भइल लउकता । विशेष कके “कके सिखऽ” के सिद्धान्त अनुसार भोजपुरी भाषा विषय के सिकाई सहजीकरण क्रियाकलाप के अर्थपूर्ण, रुचिकर आ प्रभावकारी बनावे खातिर विषयवस्तु के प्रकृति अनुसार के शिक्षण विधि के छनौट आ प्रयोग करेके पड़ी । शिक्षण विधि के छनोट करे के बेरा विद्यार्थी के रुचि, क्षमता, स्तर, उमेर आदि के ध्यान देत विद्यार्थी के ही सहभागी कराके विद्यार्थी केन्द्रित शिक्षण विधि प्रयोग कके बेसी से बेसी ज्ञान आ सिप के विकास करावे के पड़ी । शिक्षक सहयोगी के भूमिका निर्वाह कके विद्यार्थी के परियोजना कार्य में सहयोग करे के पड़ी । इहे क्रम में स्थानीय विषयबस्तु आ विद्यार्थी के भितर छिपल ज्ञान के बोध करावल, ओकर सम्मान कइल आ ओकरा प्रति गर्व करे के सिप विकास करावेवाला क्रियाकलाप के विशेष रूप में जोड़ देवे के पड़ी ।

सिकाई सहजीकरण के प्रभावकारी आ गुणस्तरीय बनावे खातिर भोजपुरी भाषा विषय में समावेश कइल विषयक्षेत्र के भाषिक सिप अउरी कार्यमूलक व्याकरण के आधार पर एकीकृत रूप में अध्ययन करा के विषयवस्तु के ज्ञान, सिप आ धारणा के विकास करावे के पड़ी । विषयवस्तु के व्यावहारिक ज्ञान देवे खातिर आपन-आपन टोला, समुदाय आ अध्ययन केन्द्र सङे सम्बन्ध राख के क्रियाकलाप करावे के पड़ी । ई विषयवस्तु के आधार पर विद्यार्थी के आपन धार्मिक समुदाय में सान्दर्भिक थप विषयवस्तु खोज अउरी सिखल बात के सिर्जनात्मक विश्लेषण कके प्रतिभा के विकास करत प्रोत्साहित करे के पड़ी । ई विषय अध्यापन करे के बेरा प्रयोग करे सकेवाला कुछ सम्भावित नमुना विधि निचा देहल गइल बा :

भोजपुरी भाषा विषय के सक्षमता आ सिकाई उपलब्धि हासिल कके निम्नानुसार के जइसन सिकाई सहजीकरण विधि, प्रक्रिया आ प्रयोग होखेवाला सिप में आधारित होके क्रियाकलाप निर्धारण कइल सान्दर्भिक भइल लउकता :

| **क्र.स.** | **विधि** | **प्रक्रिया** | **प्रयोग होखेवाला प्रमुख भाषिक सिप** |
|---|---|---|---|
| १. | प्रदर्शन विधि | • विषयवस्तु से सम्बन्धित तस्बिर भा अन्य दृश्य | सुनाई तथा बोलाई ( |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | सामग्री तथा श्रव्यदृश्य सामग्री प्रदर्शन<br>● उच्चारणगत शैली अनुकरण<br>● नयाँ सन्दर्भ, परिवेश आ शब्द के पहचान<br>● धारणा निर्माण<br>● विचार आदानप्रदान आ प्रस्तुति<br>● सवालजवाफ आ छलफल<br>● विषयवस्तु के वयान<br>● निष्कर्ष | श्रव्य/दृश्यबोधसहित) |
| २ | प्रयोग विधि | ● स्थानीय भाषा के प्रयोग में आधारित होके नमुना प्रस्तुति<br>● विद्यार्थी द्वारा सहअभ्यास<br>● निर्धक्क (स्वतन्त्र) प्रयोग | सब भाषिक सिप |
| ३ | पुछताछ विधि | ● शीर्षक तथा सन्दर्भ के आधार में पूर्वानुमान<br>● कथ्य भाषा के उपयोग<br>● उपकरण के प्रयोग<br>● बातचीत<br>● छलफल आ निष्कर्ष | सुनाई तथा बोलाई |
| ४ | सवालजवाफ विधि | ● नमुना प्रदर्शन आ सहअभ्यास<br>● तथ्य, तथ्याङ्क, पात्र, घटना, सन्दर्भ, परिवेश, अनुमान लगायत विषयक्षेत्र मा आधारित सवाल आ जवाफ निर्माण आ प्रयोग<br>● व्यक्तिगत अउरी सामूहिक धारणा भा निष्कर्ष निर्माण | सब भाषिक सिप |
| ५ | स्वाध्ययन | ● सामग्री छनौट<br>● अध्ययन | पठन |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | • धारणा भा विचार निर्माण<br>• सन्दर्भगत उपयोग | |
| ६ | कथाकथन/गीत | • लयात्मक शब्द बोध<br>• पात्र, घटना, कार्यलगायत के बोध<br>• सार निर्माण<br>• पुनः कथन<br>• पात्र, स्थान आदि के निर्माण से नयाँ पाठ निर्माण के अभ्यास | सब भाषिक सिप |
| ७. | खोज भा परियोजना | • भाषिक तथा सञ्चारगत समस्या भा प्रश्न के प्रस्तुति<br>• खोजकार्य भा तरिका बारे में बातबीचार<br>• विद्यार्थी द्वारा खोज (निर्देशित भा स्वतन्त्र)<br>• प्रस्तुति आ बातबीचार<br>• पृष्ठपोषण | लेखाई (शब्द भण्डार आ बोधसहित) |
| ८. | अन्तर्क्रिया | • छलफल के योजना आ तैयारी<br>• बड़का समूह में छलफल संचालन भा समूह विभाजन<br>• समूह विभाजन भइलापर कार्यसूची बाँड़फाँड़ आ कार्य सञ्चालन<br>• प्रस्तुतिकरण<br>• तुलना, विश्लेषण आ मूल्याङ्कन<br>• निष्कर्ष | सुनाई तथा बोलाई सिप |
| ९ | अभिनय विधि | • योजना निर्माण (उद्षोषण, भूमिका अभिनय भा नाटकीकरण)<br>• विषयक्षेत्र/शीर्षक/नाटक/पात्र/घटना के | सुनाई तथा बोलाई सिप |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | छनौट<br>• प्रस्तुति (व्यक्तिगत भा सामूहिक)<br>• भाषाशैली के छनौट तथा उपयोग<br>• छलफल आ मूल्याङ्कन<br>• पृष्ठपोषण | |
| १० | सिर्जनात्मक कार्य | • चित्र भा आकृति निर्माण<br>• निर्देशित, व्यावहारिक लेखन भा स्वतन्त्र रचना | बोलाई आ लेखाई सिप |
| ११ | भ्रमण | • शैक्षिक उद्देश्य के साथे सम्बन्धित स्थान के स्थलगत अवलोकन<br>• निरीक्षण आ खोज<br>• पुछताछ, सवालजवाफ आ बातबीचार<br>• निष्कर्ष | लेखाइ सिप<br>दृश्यबोध/श्रुतिबोधसहित) |

६. **विद्यार्थी मूल्याङ्कन**

आधारभूत तह कक्षा १-३ में राष्ट्रिय पाठ्यक्रम प्रारूप द्वारा उल्लेख कइल अनुसार निर्माणात्मक मूल्याङ्कन प्रक्रिया के कार्यान्वयन में लिआवे के पड़ल । ई मूल्याङ्कन सिखाई क्रियाकलाप के अभिन्न अङ के रूप में अंगीकार कके नियमित रूप में संचालन कके विद्यार्थी के सिखाई सुधार खातिर निरन्तर सञ्चालन करे के पड़ी । हरेक विद्यार्थी के कार्यसंचयिका व्यवस्थित कके राखे के पड़ी । कार्यसञ्चयिका फाइल के विद्यार्थी के कक्षाकार्य, परियोजना कार्य, उपलब्धि परीक्षा, विद्यार्थी में आइल व्यावहारिक परिवर्तन के अवलोकन, हाजिरी आदि के माध्यम से अद्यावधिक करे के पड़ी । विद्यालय में पठनपाठन भइल विषयवस्तु आ विद्यार्थी के उपलब्धि के बारे में हरेक महिना भा निश्चित विषयवस्तु भा विषयक्षेत्र के अध्ययन पूरा कइला के बाद अभिभावक के जानकारी पठावेवाला व्यवस्था कके कार्यसंचयिका में ओकर अभिलेख उल्लेख करे के पड़ी । ई तह में गृहकार्य के अनिवार्य ना कके कक्षाकार्य में बेसी जोड़ देहल जरुरी बा फिर भी आवश्यक भइला पर कुछ गृहकार्य भी देवे सकल जाता, बाकिर एके दिन में विभिन्न विषय क्षेत्र में गृहकार्य देहल उपयुक्त ना होखी । कक्षा १-३ में विद्यार्थी मूल्याङ्कन के प्रक्रिया सामान्यतः निम्नअनुसार होखी :

- मूल्याङ्कन के सिकाई क्रियाकलाप के अभिन्न अङ्ग के रूप में कक्षा क्रियाकलाप सङे एकीकृत कके सिकाई सुधार में निरन्तर प्रयोग करे के पड़ी ।
- सिकाई उपलब्धि आ ओकनी के विस्तृतीकरण तैयार कके ओकरे अनुसार सम्भाव्य मूल्याङ्कन विधि, प्रक्रिया आ साधन के तैयारी करे के पड़ी ।

- दैनिक कक्षा क्रियाकलाप सङे विद्यार्थी के सिकाई के लेखाजोखा कके सिकाई में पिछा पड़ल विद्यार्थीयन के सुधारात्मक सिकाई प्रक्रिया द्वारा तोकल न्यूनतम सिकाई सुनिश्चित कके सब विद्यार्थी के थप सिकाई खातिर अवसर प्रदान करे के पड़ी ।
- विद्यार्थी के सिकाई स्तर के मूल्याङ्कन करे खातिर मूलतः विद्यार्थी बिभिन्न सिकाई क्षेत्र में अपेक्षित सिकाई उपलब्धि हासिल कइल ना कइल परिक्षण करे के पड़ी ।
- विद्यार्थी के सिकाई के मूल्याङ्कन में विषगत सिकाई क्षेत्र में अपेक्षित ज्ञान, बुझाई, प्रयोग अउरी आवश्यकतानुसार विश्लेषण, मूल्याङ्कन आ सिर्जना लगायत उच्च क्षमता परीक्षण करे खातिर उपयुक्त साधन अउरी प्रक्रिया प्रयोग करे के पड़ी ।
- मूल्याङ्कन के क्रम में आवश्यक व्यवहारकुशल सिप प्राप्ति में विद्यार्थी के हासिल कइल सक्षमता के भी लेखाजोखा कके आवश्यकता अनुसार सिकाई क्रियाकलाप में सुधार करे के पड़ी ।
- मूल्याङ्कन के बाद कवनो विद्यार्थी अपेक्षित नतिजा प्राप्त करे ना सकला पर सुधारात्मक शिक्षण सिकाई के प्रक्रिया अनुरूप विद्यार्थी के सिकाई सुधार कके अपेक्षित सिकाई सुनिश्चित करे के पड़ी । बेर-बेर के सुधारात्मक शिक्षण सिकाई प्रक्रिया से भी आवश्यक सिकाइ उपलब्धि हासिल करे ना सकेवाला विद्यार्थी में उपचारात्मक शिक्षण के प्रबन्ध करे के पड़ी ।
- मूल्याङ्कन के नतिजा के विषयक्षेत्र अउरी सिकाई उपलब्धि अनुसार अभिलेखीकरण करे के पड़ी । विद्यार्थी के व्यक्तिगत फाइल खड़ा कके मूल्याङ्कन के नतिजा के साथे अन्य सान्दर्भिक विवरण समेत भइल कार्यसंचयिका (Portfolio) व्यवस्थित कके राखे के पड़ी ।
- मूल्याङ्कन नतिजा के अभिलेख के विद्यार्थी के सिकाई अवस्था पहिचान करे खातिर, बाद के सिकाई योजना निर्माण करे खातिर सिकाई उपलब्धि प्रगति के अभिलेख के रूप में विद्यालय, शिक्षक, विद्यार्थी अउरी अभिभावक आवश्यकता अनुसार प्रयोग करे के पड़ी ।
- विद्यार्थी के स्वमूल्याङ्कन आ प्रतिविम्बन करे खातिर, सिकाई सुधार के आवश्यकता आ उपाय पहचान करे खातिर शिक्षक अउरी अभिभावक द्वारा प्रेरित करे के पड़ी ।